



Pou Piblikasyon Imedya: 09/07/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVÈL MEZI POU PWOTEJE DWA REPWODIKTIF
YO FAS A ATAK FEDERAL YO**

***Gouvènè a Òdone Depatman Sèvis Finansye a pou Mande Konpayi Asirans
Sante yo pou Kouvri Kontrasepsyon Ijans, Kontrasepsyon yo Vann san
Preskripsyon ak Kontrasepsyon 12 Mwa san pataje pri yo***

***Avan Nominasyon Tribinal Siprèm lan, Gouvènè a Mande Sena a pou yo
Rekonvoke epi Vote sou Kodifikasyon Roe v. Wade nan Lwa Eta a***

Li Ajoute sou Kalandriye Fanm 2018 la: Dwa egal ego, Opòtinite egal ego

Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse jodi a nouvèl mezi pou pwoteje dwa repwodiktif pandan gouvènman federal la pare pou nonmen yon Jij Tribinal Siprèm konsèvatif ekstrèm ki kapab ranvèse avansman nan swen sante repwodiktif. Atravè règleman Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) ak Depatman Sante a (Department of Health, DOH), Eta New York pral asire ke yon konpayi asirans dwe kouvri kontrasepsyon ijans san preskripsyon an plis tout lòt dwòg, aparèy oswa lòt pwodwi pou fanm yo ki apwouve pa Administrasyon Federal Manje ak Medikaman an (Federal Food and Drug Administration) ak, menm jan ak distribisyon kontraseptif 12 mwa nan yon sèl fwa, tout san ko-asirans, ko-peman oswa dediktib.

Gouvènè a te mande Sena a jodi a tou pou rekonvoke ak vote sou kodifikasyon pwoteksyon Roe. v. Wade nan Lwa Eta a. Asanble a te adopte pwojè lwa pou kodifye pwoteksyon Roe v. Wade yo pou sis ane pase yo, ki enkli pandan Sesyon Lejislatif 2018 la. Aksyon jodi yo ajoute sou Kalandriye Fanm 2018 Gouvènè Cuomo genyen an: Dwa egal ego, opòtinite egal ego (Equal Rights, Equal Opportunity).

“Fas a atak federal sa a, New York pral pwoteje tèt li paske eta sa a te toujou kapital pwogresif nan peyi a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Se moman pou nou defann tèt nou. Se moman pou nou reziste. Se moman pou ou fè yo tande vwa ou. Se moman kote chak moun New York dwe di, ou pa p retire dwa fanm yo genyen a dwa repwodiksyon yo. Nou pral pwoteje tèt nou paske sa a se eta a ki te toujou leve kanpe pou sa ki dwat.”

Mezi Regilatwa

Règleman DFS ki ajou a mande pou konpayi asirans sante yo:

- Elaji kondisyon kouvèti pou medikaman kontrasepsyon yo, aparèy oswa lòt pwodwi pou fanm yo ki apwouve pa Administrasyon Federal Manje ak Medikaman an. Mande kouvèti pou kontrasepsyon ijans san pataj depans yo lè yo achte yo nan nenpòt fason legal ki enkli sou baz san preskripsyon nan yon famasi ki pa nan rezo a;
- Pèmèt yon fanm jwenn pou yon sèl fwa 12 mwa pou yon kontraseptif ke yo te preskri, sa ki ap retire peryòd esè twa mwa ke yo te egzije anvan sa a;
- Kouvri pwosedi esterilizasyon volontè pou fanm ak kontraseptif san preskripsyon yo san yo pa pataje pri yo; ak
- Pa mete restriksyon oswa reta sou kouvèti kontrasepsyon ki pa otreman otorize dapre règleman an. Dispozisyon sa a ta pral entèdi limit kantite ak lòt restriksyon konsa yo.

Règleman an kodifye liy direktis ke yo te pibliye nan mwa Janvye 2017 lan konsènan enfòmasyon ke yo dwe bay nan fòmilè yo konsènan kontraseptif yo, ki enkli tou nòte ki kontraseptif yo kouvri san yo pa pataje pri yo. Konpayi asirans yo pral oblije pibliye yon lis ki fasil pou aksede, ki ajou, egzat ak konplè sou tout medikaman kontraseptif ki kouvri yo, aparèy ak lòt pwodwi sou fòmilè lis medikaman yo, ki gen ladan nenpòt estrikti ki gen yerachi ak nenpòt restriksyon sou fason ke yon moun ka jwenn yon medikaman.

Règleman DOH konplemantè yo ap pèmèt yon fanm ki gen asirans nan Medicaid jwenn pou yon sèl fwa 12 mwa pou yon kontraseptif ke yo te preskri, kote anvan sa a, limit lan te twa mwa.

Ou ka jwenn yon kopi règleman yo pwopoze yo [la a](#).

“Mwen te pèdi plas mwen nan Kongrè a akòz sipò fèm mwen pou Lwa sou Swen Abòdab lan (Affordable Care Act) ak manda kontrasepsyon an, e mwen konnen jan li enpòtan anpil pou pwoteje dwa sa yo nan nivo eta a”, **se sa Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare, nan seremoni jodi a**. “Se poutèt sa mwen kanpe ak Gouvènè a ak fanm yo nan gwo eta sa a nan batay pou asire pwoteksyon ak sekirite pou fanm yo nan sa ki gen rapò ak sante repwodiktif yo. Etandone tout sa k’ap pase nan Washington, mezi sa yo pral pwoteje dwa repwodiktif fanm yo. Antan ke Prezidan Sena Eta a, mwen mande lidèchip Repibliken Sena a tou pou yo pwoteje fanm yo ki nan eta sa a epi adopte Lwa sou Sante Repwodiktis lan (Reproductive Health Act) epi kodifye Roe v. Wade. Pèsòn pa ta dwe di nou kisa pou nou fè ak kò nou. Pa kounye a, e jamè.”

“Kontrasepsyon te yon zouti ki enpòtan anpil pou fanm yo kapab jwenn endepandans ekonomik ak sosyal”, **Direktris Sèvis Finansye a, Maria T. Vullo, te di**. “Chwa

repwodiktif se yon dwa fondamantal e New York pa pral tolere okenn obstak oswa defisyans dwa sa yo. DFS pral pran tout mezi ki nesèsè yo pou asire ke konpayi asirans yo kouvri kontraseptif ak esterilizasyon volontè yo san ko-peman, dediktib oswa nenpòt lòt depans ki soti nan pòch kliyan yo, epi asire ke New York ap kontinye dirije nasyon an nan defann dwa fanm yo ak aksè a swen sante repwodiktif yo.”

“Règleman ke yo te anonse jodi a demontre yon lòt fwa ankò angajman Gouvènè Cuomo pran pou pwoteje ak elaji dwa fanm yo nan swen sante”, **se sa Komisè Depatman Sante Eta New York lan Doktè Howard A. Zucker te deklare.**

“Planifikasyon famiyal se yon pati esansyèl nan byennèt an jeneral, epi sa dwe gen ladan aksè san pwoblèm a kontwòl nesans yo, ak kapasite pou chak fanm chwazi jan ke li ap resevwa li.”

Mezi Lejislatif

Gouvènè Cuomo ap mande Sena a pou li rekonvoke pou vote pou kodifye pwoteksyon Roe v. Wade yo nan Lwa Eta New York. Pandan plizyè ane, Gouvènè Cuomo te pouse pou kodifye desizyon Roe v. Wade Tribinal Siprèm lan ak règleman posteryè yo pou vin tounen lwa Eta a pou garanti aksè fanm yo a opsyon sante repwodiktif yo. Gouvènè a ap mande yon lòt fwa ankò adopsyon pwojè lwa a pou asire dwa fanm yo pou yo kapab pran desizyon swen sante pèsonèl pou pwoteje sante yo an plis de lavi yo, epi asire ke pwofesyonèl swen sante yo kapab bay sèvis krisyal sa yo san laperèz sanksyon kriminèl.

Manm Kongrè Nydia M. Velázquez te deklare, “Gouvènè Cuomo ap pran mezi rapid epi ki apwopriye pou prezève ak sipòte sèvis swen sante pou fanm yo nan New York. Nou pa pral tolere tantativ gouvènman federal lan pou detwi dwa fanm yo epi kraze pwogrè nou te fè yo. Nou pral pran tout mezi ki nesèsè yo pou pwoteje dwa repwodiktif yo nan gwo eta sa a.”

Lidè Minorite Sena a Andrea Stewart-Cousins te deklare, “Dwa fanm yo anba atak. Yon lòt Jij ke Trump nonmen pral garanti yon Tribinal ki iltra-konsèvatif ki menm pi ostil kont pwoteksyon swen sante fanm yo. Sa pral gen konsekans grav si nou pa aji paske New York te dekriminalize avòtman anvan dezisyon Roe v. Wade lan. Fanm nan Eta New York yo konte sou nou pou pwoteje dwa ke yo te redi jwenn yo, epi nou pa dwe adandone yo.”

Pòtpawòl Asanble a Carl Heastie te di, “Administrasyon an nan Washington ap prepare ankò yon lòt atak sou dwa repwodiktif fanm yo ak nominasyon yon jij Tribinal Siprèm ki iltra-konsèvatif. Pi bonè ane sa a, ak nan anpil sesyon lejislatif anvan, Asanble Eta New York lan te adopte pwojè lwa pou kodifye Roe v. Wade lan. Ane apre ane, kòlèg Repibliken nou yo nan Sena a neglije adopte pwojè lwa sa a, y’ap ensiste pou di ke pa gen okenn menas pou Roe v. Wade. Pasivite yo te yon fason wonte mete swen sante repwodiktif fanm yo an danje. Li lè pou nou kodifye Roe v. Wade. Pa gen plis eskiz.”

Defansè Piblik Vil New York Letitia James te deklare, “Atak Administrasyon Trump lan ap fè kont swen sante fanm yo ale alankont kwayans nou kòm moun New York. Aksyon Gouvènè Cuomo yo ap asire ke fanm yo pral kontinye resevwa tout opsyon swen sante konplè ke yo merite. New York pral kontinye batay kont politik regresif yo epi sèvi kòm yon flanbo pou dwa fanm yo.”

Robin Chappelle Golston, ki se Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral pou Planned Parenthood Empire State Acts, te deklare, “Administrasyon Trump lan pran angajman pou asire ke plizyè milyon fanm atravè Amerik pèdi aksè esansyèl yo a swen sante ke yo absoliman bezwen. Nou ap fè fas a yon atak san parèy sou swen sante nou an, ak dwa pa yon gouvènman federal detèmine pou ranplase politik piblik ki baze sou prèv medikalman egzat ak ideoloji kondwi pa politik. Gouvènè Cuomo ap kanpe jodi a pou raple nasyon an ke New York pap retounen; nou pa pral chita tounen tou dousman pandan dwa nou evapore epi nou pral reziste demantèlman sa a de dwa konstitisyonèlman pwoteje nou yo.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)